**Литература**

1. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1990, -С. 88.
2. Кайыпбергенов Т. «Қарақалпақ дәстаны». I. «Маман бий әпсанасы». -Нөкис: «Қарақалпақстан». 1973, -С.499.
3. Новиков Л. А. Искусство слова. -М.: «Наука». 1991, -С.142.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада эпитет ёзувчи Т.Кайипбергеновнинг бадиий матннинг тасвирлаш воситаси сифатида қаралади. Тадқиқот Т.Кайипбергеновнинг «Маман бий әпсанасы» («Маман бий афсонаси») романи асосида бажарилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается эпитет как изобразительное средство художественного текста писателя Т.Каипбергенова. Исследование проведено на материале романа Т.Каипбергенова «Маман бий әпсанасы» («Сказание о Маман бие»).

**SUMMARY.** In this article, the epithet is considered as a pictorial means of the literary text of the writer T. Kaipbergenov. The study was conducted on the material of the novel by T. Kaipbergenov " Маман бий әпсанасы " ("The Tale of Maman biy")

## ҚАРАҚАЛПАҚ САЗ ӘСБАПЛАРЫ ҲӘМ САЗЛАРЫ

**Ж.Абдисултанов** – *ассистент оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** арфа, оркестр, кварта, октава, тембр, қўбиз, чинқўбиз, ғижжак, дутор.
**Ключевые слова:** арфа, оркестр, кварта, октава, тембр, қобыз, шынгобыз, гиржек, дутар.
**Key words:** arfa, orkestr, kvarta, oktava, tembr, qobuz, shinqovuz, gijjak, dutor.

Қарақалпақ халқы ерте заманлардан баслап-ақ өзиниң көп тараўлы бай музыка искусствосына ийе екенлиги мәлим. Усы музыка мәдениятының раўажланыўында саз әсбаплары улкен роль атқарып келди. Саз әсбаплары қарақалпақ музыка мәдениятында Орта Азия халықлары искусствосы қатарында көп әсирлик тарийхына ийе. Оның тарийхый темалары бизиң эрамызға шекемги IV әсир ҳәм бизиң эрамыздың I әсирине тийисли болған Қойқырылған қаладан ҳәм III әсирлерине тийисли болған Топыраққаладан археологиялық изертлеўлер нәтийжесинде табылған мүйешли арфаның сүўрети салынған фрагментлердиң табылыўы, саз әсбапларының дәўирин аңлатыўда айқын мысал бола алады. Бул туўралы С.П.Толстов басқарған Хорезм экспедициясының ағзасы, көп жыллардан берли музыка әсбаплары бойынша изертлеў жумыслары менен шуғылланып киятырған Р.Л.Садоков күтә қызықлы пикирлер айтады:

- «Қойқырылған каладан табылған мүйешли үлкен арфа сыяқлы, дуўтар сыяклы әсбаптың Орта Азияның антик дәўирине тән болған көриниси ең дәслепки ҳәмде ҳәзирше биринши гуўасы болып табылады. Буннан тысқары ол улыўма Орта Азиялы арфаның күтә ертедеги көриниси болып есапланады. Ең әҳмийетлиси - бул еки жағдайда да Хорезмниң жоқарғы дәрежедеги нәзик музыкалы мәдениятқа ийе болған ел екенлигин көремиз» [1].

Бул жағдай путкил Орта Азия халықлары сыяқлы Қарақалпақ халқының да әййемги заманлардан баслап жоқары мәдениятқа ийе болғанлығын аңлатады. Бирақ, халықтың араб басқыншылығы дәўиринде кайта ислениў нәтийжесинде бул музыкалық әсбаплар ўақтынша жоқ болып кетиўинине себеп болды. Олар саз әсбапларын, оны алып журиўши ҳәм тарқатыўшы болған атқарыўшылары менен қоса жоқ қылып жиберди. Яғный улыўма алғанда халықтың музыканы тыңлаўын қадаған етти.

… Араб басып алыўшылығы арфа әсбабы ушын күтә қәўипли болды; бирақ XV-XVII әсирлерде буннан басқа арфаның бир де көринисин таба алмаймыз, оннан кейин ол Орта Азиялы миниатюраларда азғана ўақыт көринеди де, соңынан пүткиллей жоқ болып кетеди.

Арфа Хорезм халықлары арасында шама менен XVIII әсирге шекем өмир сүрип, оннан кейинги дәўирде бул әсбап пайдаланыўдан шығып, оның басқа бир, оннан гөре жасаў уқыбына қолайлырақ болған әсбаплар ийелеп алған болыўы итимал. Анығырақ айтқанда бақсышылық искусствоның Шығыс халықлары тәсири астында бизде пайда бола баслағаны сияқлы арфаның орнына дуўтар араласа баслады деген пикир туўылады. Буннан тысқары қарақалпақ ҳаял-қызлары тәрепинен атқарылып келинген шынғобыз да сол арфа әсбабының тийкарында пайда болып соннан тараған деген болжаў туўылады.

Музыкалық әсбаплар туўралы, олардың келип шығыўы, тембрлери ҳаққында уллы илимпаз Абу Али Ибн Сино «Шыпа китабы», «Билим китабы», «Музыка илими хаққында рисола» т.б. китапларында көп ғана баҳалы илимий пикирлер айтады. Оның айтыўы бойынша: «Тар қәншелли узын болса, даўыс соншелли пәс шығады, керисинше, тар қәншелли қысқа болса даўыс соншелли бәлент шығады». Сондай-ақ, даўыслардың пәс ямаса бәлент болыўы үплеп шертилетуғын әсбаплар аралығының диаметрине де байланыслы болады деп көрсетеди (Абу Али Ибн Сино, шығармалары жийнағы. IVтом). Өз заманының уллы илимпазы болған Абу Али Ибн Синоның музыка тараўындағы бул пикири Орта Азия ҳәм Шығыс халықлары музыкасының әййемги заманлардан берли музыка илими сыпатында қәлиплесип киятырғанын дәлиллейди. Оның бул пикирлери музыка теориясында ҳәзирги ўақытқа шекем өз қунын жойытқан жоқ.

Қарақалпақ халқы арасында саз әсбаплары кең таралған болса да тийкарғы саз әсбаплары айтарлықтай көп емес. Олардан тартқыштың жәрдеми менен шертилетуғын тарлы әсбаплардан - қобыз ҳәм соң келип қосылған гиржек, бармақ пенен шертилетуғын - дуўтар, шынғобыз, уплеў арқалы шертилетуғын - баламан, сырнай үшпелек ҳәм урып шертилетуғын дәп әсбаплары ушырасады. Булардың ишинде қобыз, дуўтар, шынғобызлар қарақалпақ халқының миллий музыкалық әсбаплары есапланып, қалғанлары болса бизге басқа туўысқан халықлар музыкасының тәсири арқалы өткен болыўы керек. Бирақ, соған қарамастан бурын қарақалпақ халқы арасында усындай ямаса басқа да әсбаплардың түрлери болмаған деген шорта тастыйықланған пикирдиң болыўы мүмкин емес. Дәўирдиң өтиўи менен көплеп арфа сыяқлы ямаса басқа да әсбаплардың түрлериниң келип кеткенлиги гүман туўдырады.

Қарақалпақ халқының арасында шығысы жағынан ең әйемги музыкалық әсбаплардан бири - қобыз. Қобыз әсбабы қарақалпақлардан басқа көпшилик Шығыс халықларында: қазақ, қырғыз, өзбек, уйғыр, улыўма түрк тилиндеги халықлардың көпшилигинде, сондай-ақ Украиналардандур) т.б. халықларда гезлеседи. Қобыз әсбаплары өзиниң қурылысы, жыраўлардың айтыў техникасы ҳәмде басқа да көплеген тарийхый дереклерге қарағанда, ол күтә әййемги әсбап болғанлығы мәлим.

XI әсирдиң уллы илимпазы Махмуд Қашқарий «Девану Луғат-ит Турк» китабында музыкалық әсбаплардан «қобыз, сыбызғы» әсбапларының атларын жийи тилге алады. XVII әсирде жасаған белгили илимпаз Дервиш Алидиң айтыўына қарағанда: «Қобыз-күтә жағымлы ҳәм көркем даўыслы тар тағылған музыкалық әсбап. Алынған бир мағлыўматқа қарағанда оны жоқарыда сөз етилген үлкен сазенде ҳәм музыканың теориясын терең ийелеген Султан Увайис Жераир…» (1356-1374) соққан. Қобызды ол рубабтың дәстесин ҳәм оның путкил денесин узайтыў жолы аркалы ислеп шықты. Басқаша улгилерге қарағанда

қобыз ең әййемги түрклерден келип шыққан, ол ҳаққында автор күтә қызықлы ҳәм узақ даўам еткен аңыз сөзди баян етеди [4:19].

Қарақалпақ арасында қобыз қаҳарманлық дәстанлары атқарыўшылары болған жыраўлар тәрепинен қолланылған. Жыраўлардың қобыз бенен атқаратуғын арнаўлы намалары болады. Қобыз намалары әдетте айтарлықтай көп болмайды. Қырғыз манасшылары, қазақ жырлары, өзбеклердиң ҳафызлары сыяқлы қарақалпақ жыраўлары да халық тәрепинен жоқары баҳаланған. Қобыз әсбабы дәўирдиң өтиўи менен басқа бир қанша халықларда кем-кем қолланыўдан шығып, оның орнын басқа әсбаплар ийелейди. Ал, қарақалпақ халқы арасында болса, қобыз хәзирге шекем халық турмысында турақлы орын ийелеп келмекте. Қобыз жуп тар тартылған музыка әсбабы болып, скрипка, гиржек сыяқлы тартқыштың жәрдеми менен шертиледи. Ол көбинесе ерик, тут ағашларынан исленип, оның дузилиси бир тәрепке бүгилип келеди. Қобыздың төменги оймасына (қабағына) түйе териси қапланады. Ол дәстесине (грифи) жылқының қылынан исленген тар тағылып, ол көбинесе квартаға сазланады. Қобыз сесиниң көлеми-диапазоны бир ярым, еки октава көлеминде болады. Қобыздың улыўма узынлығы 75-80 сантиметрден аспайды. Ол гиржек сыяқлы дизеге қойылып, дәстеге тиймей, тек тарлар арасында тайғанап журеди.

Қобыздың пайда болыўы жөнинде ел арасында қызықлы аңыз сөзлерде таралған. Онда қобыз даўысының күтә жағымлы ҳәм шыққыш болыўы ушын оны тоғайда доңыз сүйкенип кеткен жийде ағаштан ойып, бақыраўық түйениң бас териси менен қаплап, суў тулпардың қылынан тар тағылып исленеди. Сонлықтан қобыздың даўысы жағымлы болыўы менен қатар, узақтағы аўылларға шекем еситилип туратуғын болған, - деп өзиниң сүйкимли әсбабы болған қобызды күтә көтермелеп, жетилистиреди. Бунда асыра силтеўлер болыўына қарамастан қобыздың ерте заманлардан берли халықтың ең сүйикли, кеўил хошы, ажыралмас жолдасы болғанлығын аңлатады.

Қарақалпақ халқының арасында оғада кең таралып, жәмәәтлик тус алып кеткен күтә көркем, сулыў даўыслы музыкалық әсбаплардың бири -дуўтар. Ол келип шығыўы жағынан тарийхый дереклерге ҳәм көп ғана илимпазлардың ескертиўлерине қарағанда, қарақалпақлар арасында Хорезм оазисине көшип келгеннен кейин пайда болған деген тусиникти ескертеди. Бирақта бундай етип қысқа жуўмақ шығарыў да ҳақыйқатлыққа туўра келмейди, өйткени әзелден-ақ сыбызғы, сырнай, қобыз, шыңғобыз сыяқлы әсбаплар кең таралып, соның менен қаналас (шаңарақ) әсбабы болған дуўтарлардың қоңсылас басқа халықларда да болып, қарақалпақлар арасында бурын ушыраспай, соңғы Хорезм дәўиринде қосылды деў үйлеспеген нәрсе болар еди. Соң қосылған әсбаплар дуўтардай болып тез ўақытта беккем сиңисип кетиўи қыйын. Кейин қосылып, халықтың музыкалық турмысына толық сиңисе алмай журген әсбапларға гиржек, дәп тағы басқаларды көрсетиўге болар еди.

Дуўтар қарақалпақ халқының миллий музыкалық әсбабы болып ғана қоймастан, ол қарақалпақ музыкасының раўажланыўында тийкарғы роль ойнаған әсбап. Дуўтардың халық турмысына сиңисип кеткенлиги соншелли, оны ҳәр бир уйден табыўға болады дерлик. Себеби, жоқарыда айтылып өтилгендей-ақ дуўтар сазлары тийкарынан алғанда еки даўыслы болыўы жағынан да, дуўтар сазларының жоқары дәрежеде раўажланып кеткенлигин көриўге болады. Әзелден усылайынша халықтың арасында сиңисип келмегенде бирден бундай дәрежеге тез пәт пенен раўажланыўға ерисиўи мүмкин емес еди. Дуўтар сазының өзи парысша – дуў - еки, тар - тар, еки тарлы әсбаплар деген мәнини аңлатады. Дуўтар еки түрли усылда исленип, биринshиси қазба-оймa дуўтар, екиншиси қурама-тилме дуўтар деп жүритиледи. Қазба дуўтар әдетте тут, ерик ағашынан исленеди. Қурама дуўтар болса тут ағашынан исленген бир қанша бөleклерден қуралып, олар өз ара белгили тәртипте байланыстырылады ҳәм бириктиргишлер менен бириктириледи. Дуўтардың даўысының шыққыш болыўы оның устиндеги қақпағының қәншелли жуқа ҳәм беккем болыўына байланыслы. Дуўтардың мойнына қойдың ишегинен (жилка) таярланған 12 перде оратылып хромматикалық қурылыста болады. Ретинде айтып өтилетуғын нәрсе, дуўтардағы пердесиниң он еки болыўы шәртли болмай, ҳәр бир бақсының еркине қарай көбейтилип кететуғын жағдайлары да болған. Орынбай бақсы дуўтарына бәрқулла 14-15 перде жалғап журген. Оны ҳәр наманың узын, қысқа келиўине байланыслы болған.

Тарлы тартқышлы әсбаплардан гиржеклерде де қарақалпақ саз әсбаплары қатарынан орын алады. Гиржеклер өзбек, түркмен, тәжик, әзербайжан т.б. халықларында да күтә кең таралған. Қарақалпақ гиржеги сол ўақытлардан мәдений байланыс ретинде келип, қарақалпақ музыкасының атқарылыў усылларына, техникасына ийкемлестирилген. Әдетте гиржек қарақалпақлар арасында тек бақсыларға қосылып «Жанапайлар» иретинде ғана қолланылып, жеке өзи («Соло») ретинде пайдаланылған. Қарақалпақ гиржегине, өзбек, туркмен т.б. халықлардың гиржеги сыяқлы уш тар тағылады, оның үстинги еки тары бир сеске, төменги бир тары болса өз алдына айрықша рольди атқарып намадағы барлық жөнелиси соның менен шертиледи. Ҳәзирги А.И.Петросянц тәрепинен қайта исленген қарақалпақ халық сазларының оркестринде қолланылған гиржек төрт тарлы болып, онда диапозоны төрт октаваға шекем барады. Гиржек дуўтар сыяқлы ағаштан ойылып исленеди, қақпағы ылақа балықтың териси менен қапланады. Ҳаял-қызлар тәрепинен атқарылатуғын бармақтың жәрдеми менен үплеў арқалы шертилетуғын әсбаплардан «Шыңғобыз» ушырасады. Шыңғобыз ҳаял-қызлардың ең сүйикли саз әсбабы болып той-мереке ҳәм көпшилик жыйналған жерлерде шертилетуғын болған. Олар шыңғобызды шертип өз ара жарысларға да түсип жүрген. Қызлар шыңғобыздың нәзик тарларынан шыққан жүректи тербететуғын нағышлы намаларын жырларына арқаў етти [3].

Шыңғобыз күтә кишкене, ықшам ғана саз болып, темирден исленген. Оның формасы искусствоның, мәдениаттың нышаны белгиси болған. Иймейип келген қошқар мүйизли терилердиң орайына жуқа, қайысқақ еки полат тил орнатылған. Шыңғобызды еки жақ тистиң арасына қысып, тил ҳәрекетиниң жәрдеми менен ҳәмде дәстесин шеп қолы менен услап, оң қолы менен шыңғобыздың тарын қағып турып үплеў арқалы шертиледи. Оның даўысы күтә жағымлы болып, өзине тән айрықша тембрге ийе. Шыңғобыздың өз алдына шертилетуғын намалары болады. Олар турмыста ушырасатуғын айырым көринислерди образлы түрде сүўретлеўлерден ибарат.

Олардан: «Қара жорға», «Ала жорға», «Ескек есиў», «Сыңсыў», «Жетим қыз», «Қыз узатыў», «Ғаз ғаңқылдысы», «Әтшөк» т.б. намалар қызығыўшылық бенен шертилип келинген. Соның менен қатар, шыңғобыз әсбабы шығыс халықларының көпшилигинде болған ҳәм басқа халықларда да ушырасады. Бирақ та шыңғобыздың қосығы болмай намалары сөзсиз қуры өзи шертиледи. Қарақалпақ халқының мәденияты тарийхында булардан басқа да әпиўайы түрдеги саз әсбаплары да болған.

Жуўмақлап айтқанда қарақалпақ халық саз әсбапларының, келип шығыў тарыйхы, дузилиси хәм атқарыўшылықтағы орны ҳәм жағымлы даўысы өзине тартатуғын шыңғыры менен ажыралып туратуғын мүмкиншиликлерин беккемлеў ҳәм ен жайдырыў келешек әўләдқа жеткериў баслы ўазыйпамыз есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Адамбаева Т. Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы. – Нөкис: 1976.
2. Одилов А. Ўзбек чолғуларида ижрочилик тарихи. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1995.
3. Петросянц А.И. _Инструментоведение. 1980.
4. Семенов А.А. Среднеазиатский трактат по музыке Дарвиш Али. – Тошкент: 1976.

**РЕЗЮМЕ.** Қорақалпоқ халқ чолғуларининг кўп асрлар давомида сақланиб келганлиги ва қайта ишланиши, тузилиши, хофизлар ва созандалар томонидан ижро қилинган достон ва ҳалқ куйлари акс эттирилган.

**РЕЗЮМЕ.** Тот факт, что каракалпакские народные инструменты сохранились на протяжении многих веков, облегчил изменение и сочинение музыкальных инструментов и народных песен.

**SUMMARY.** The fact that Karakalpak folk instruments have been preserved for many centuries has facilitated the modification and composition of musical instruments and folk songs.

# BALALAR DRAMATURGIYASÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNDA JAS TAMASHAGÓYLER TEATRÍNÍŃ TUTQAN ORNÍ

**G.S.Ataniyazova** – *erkin izleniwshi*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** teatr, san’at, spektakl, drama, mavzu, madaniyat, rejissor, artist.

**Ключевые слова:** театр, исскуство, спектакль, драма, тема, культура, режиссер, артист.

**Key words:** theatre, art, spectacle, drama, theme, culture, producer, artist.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń rawajlanıwında balalar dramaturgiyası úlken orındı iyeleydi. Sebebi, jas óspirimler kitapqa qaraǵanda teatrda otırıp qaharmanlardı óz kózi menen kórip, unamlı hám unamsız háreketlerdi qabıl etiw arqalı pedagogikalıq, psixologiyalıq jaqtan rawajlanıw qábileti baslanadı. Biraq, XX ásirdiń 70-jıllarınıń ortalarına deyin Qaraqalpaqstan Respublikasında jas tamashagóyler teatrı bolmadı.

Qaraqalpaq mámleketlik Jas tamashagóyler teatrı 1978-jıl shólkemlestirilip, óziniń birinshi perdesin Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı belgili dramaturg Keńesbay Raxmanovtıń “Eglengen báhár” spektakli menen ashtı. Jańadan ashılǵan teatrǵa házirgi Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınan Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artistleri, xızmet kórsetken artistler: S.Allamuratova, X.Saparov, M.Matchanov, S.Utepbergenov, Ǵ.Doshumov, M.Xalmuratova, B.Qayıpovlar mirát etilip, talantlı aktyorlardan: D.Kewnimjaev, A.Ańsatbaev, N.Xojamuratov, S.Dawletova, A.Nawrızova, J.Jumanov, J.Abıllaev, A.Ańsatbaeva, A.Axmurzaevalar menen tolıqtırıldı [1:24].

Teatrdıń birinshi direktor lawazımında Ózbekstan, Qaraqalpaqstan hám Bashqurtstan xalıq artisti, mámleketlik sıylıqlardıń laureatı B.Matchanov basshılıq etti. Sońınan Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri B.Sharipov, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri A.Júzimbetov, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artisti, Qaraqalpaqstan Respublikası Jaslar sıylıǵınıń laureatı R.Saparova, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri M.Eshjanov, Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri J.Turdımuratov, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri B.Utebaev, J.Ótepbergenovlar islep kelgen. Olar menen birgelikte teatrda hár bir saxnalastırılǵan hár qıylı janrlardaǵı spektakllerdi tamashagóylerge kóterińki ruwxta jetkerip beriwde belgili rejissyorlardan: teatrdıń birinshi bas rejissyorı, Ózbekstan Respublikası xalıq artisti, Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken artist, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, “El-jurt húrmeti”, “Mehnat shuxrati” ordenleri hám “Mehnat faxriysi” kókirek nıshanı iyesi N.Ańsatbaev, Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken, Qaraqalpaqstan xalıq artisti, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı R.Tóreniyazov, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri B.Utebaev, A.Sharipov, A.Efremov, Ózbekstan Respublikasında miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri Í.Aybatovlar, belgili dramaturglardan Ózbekstan Qaharmanı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, mámleketlik sıylıqlardıń laureatı T.Qayıpbergenov, Ózbekstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri, Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı S.Xojaniyazov, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı K.Raxmanov, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, “El-jurt húrmeti” ordeni iyesi K.Kárimov, Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri G.Tursunova, Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı A.Sultanov, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri P.Aytmuratov, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri A.Utepbergenov, S.Jumaǵulov, J.Xojanovlar hám belgili xudojniklerden: Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri B.Nurımbetov, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq xudojnigi, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı I.Alibekov hám Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri B.Aytmuratovlar, teatrdıń birinshi ádebiy bólim baslıǵı, Qaraqalpaqstan Respublikasında miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri G.Tursunovalar pidayı miynetleri menen tamashagóyler algısına miyasar bolǵan.

Teatr óziniń dóretiwshilik toparınıń tájiriybesin arttırıwda Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi jaǵınan járdem berip Ózbekstan Respublikası hám jáhán kóleminde ótkerilgen teatr festivallarında qatnastı. 1990-jılı Xorezm wálayatında ótkerilgen “Qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatı kúnleri” dekadasında teatr jámááti Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, belgili dramaturg P.Aytmuratovtıń “Súyinshi” spektakli menen qatnasıp, tamashagóylerdiń úlken alǵısına miyassar boldı. Sol jıldıń ózinde teatr jámááti Tashkent qalasında ótkerilgen “I Regionallıq Orta Aziya hám Qazaqstan jas tamashagóyler teatrları festivalı”nda, 1998-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen I xalıqaralıq “XUMO” festivalında, 2007-jılı 1-7-aprel kúnleri Túrkmenstan Respublikasınıń Ashqabad qalasında ótkerilgen “Folklor hám milliy teatrlar Xalıqaralıq festivalı”nda, 2007-jılı 1-11-sentyabrde Mısrdıń Kair qalasında “XIX xalıqaralıq eksperimental teatrlar festivalı”nda, 2011-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen “TeatrUz” II xalıqaralıq teatrlar festivallarında, 2001-jıl Úrgenish qalasında, 2003-jıl Tashkent qalasında ótkerilgen “Qaraqalpaq mádeniyatı hám ádebiyatı kúnleri”nde, 2006-jılı “Seni jırlaymız, zamanlas!”, 2008-jılı jas rejissyorlardıń “Debyut-2008”, “Sarhisob”, “Navrız arafasida” sıyaqlı festivallarında qatnasıwǵa miyasar boldı.

2003-jıldıń 1-dekabrinde teatrdıń 25 jıllıq yubileyi saltanatlı túrde ótkerilgen hám Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń “Húrmet jarlıǵı” menen sıylıqlanǵan.